

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa hirup di alam dunya tangtuna mikabutuh basa salaku alat komunikasi, nyaéta pikeun nepikeun informasi ti panyatur ka pamiarsa. Ieu hal luyu jeung anu ditétélakeun ku Purwo (dina Aminuddin, 2016) yén komunikasi kawilang lancar upama sasaran basa nu digunakeunna bener, hartina basa anu digunakeun luyu jeung situasi atawa kondisi panutur, ogé sifat nu digunakeunana. Nurutkeun Maulana (2013) ku cara maham jeung ngawasa basa, tangtuna manusa bisa nyangking sababaraha informasi jeung pangalaman saacana. Ku ayana basa ogé, manusa bisa ngaéksprésikeun ide-ide dina pikiranana, boh sacara lisan boh tulisan.

Ari basa téh sistem lambang nu arbiter nu digunakeun pikeun gawé bareng atawa ngaidentifikasikeun diri. Ku kituna, basa jeung manusa mangrupa dua hal nu teu bisa dipisahkeun (Siddiq, 2019). Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Devianty (2017) yén basa teu bisa dipisahkeun tina kahirupan budaya manusa, lantaran antara basa jeung budaya miboga hubungan kualitas atawa hubungan *timbang balik*.

Unggal sélér bangsa pasti miboga basa jeung kabudayaan nu jadi ciri éta bangsa sorangan. Nurutkeun Haryadi (2013) kabudayaan téh hasil cipta, rasa, karya manusa pikeun meunangkeun kanikmatan tina hasil akal pikiran manusa. Kabudayaan nu aya di masarakat tangtu waé aya bédana, lantaran kabudayaan mah sipatna dinamis luyu jeung kamekaran jamanna. Salah sahiji masarakat nu miboga kabudayaan dinamis téh nyaéta masarakat Sunda.

Urang Sunda dina hirup kumbuh sapopoéna tangtu moal leupas dina ngagunakeun basa Sunda salaku alat komunikasi. Tétéla yén basa Sunda téh penting pisan pikeun kahirupan manusa, hususna nu maké éta basa. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Dewi (2013) yén dina kahirupan sapopoé basa téh jadi alat nu kawilang penting pisan, nu miboga fungsi sorangan jeung basa téh rupa-

rupa (*bervariatif*). Prosés komunikasi basa téh enas-enasna nepikeun amanat ngaliwatan basa ti panyatur ka pamiarsa (Sudaryat, 2010, kc. 121). Tegesna basa téh digunakeun pikeun nepikeun eusi pikiran, kahayang, ide-ide, atawa sarupaning pamaksudan nu rék ditepikeun ka nu lian, boh sacara lisan boh sacara tulisan.

Sabenerna sadar teu sadar, nalika komunikasi jeung papada manusa téh leupas tina ngagunakeun kekecapan nu kaasup kana kekecapan déiksis. Ari déiksis téh minangka unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa (Sudaryat, 2016, kc. 135). Déiksis nu sering dipaké dina komunikasi sapopoé nyaéta déiksis persona, temporal, jeung lokatif. Sacara téoritis déiksis persona mangrupa déiksis nu gunana pikeun nuduhkeun kecap gaganti jalma, upamana waé kecap abdi, déwék, kuring, manéh, jst. Déiksis temporal nyaéta déiksis nu gunana pikeun nuduhkeun waktu lumangsungna kajadia, upamana waé kecap kamari, ayeuna, isukan, baréto, mangkukna, magrib, pasosoré, jst. Sedengkeun déiksis lokatif nyaéta déiksis anu gunana pikeun nuduhkeun pernahna hiji hal atawa barang boh deukeut, rada deukeut, atawa jauh.

Ku sabab kitu, maham kana kekecapan déiksis téh penting pisan. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Wahyu (2010) yén déiksis téh mangrupa hal nu penting dina nganalisis hususna nganalisis kabahasaan. Teu sakabéh pamaca langsung ngarti kana makna hiji wacana anu dibacana. Ieu hal bisa disebabkeun ku ayana déiksis anu réa digunakeun dina hiji wacana. Ku kituna, déiksis kudu ngagambarkeun kalawan écés acuan nu tangtu. Ari tujuanana sangkan unsur basana gampang dipikaharti.

Salian sok dipaké nalika komunikasi dina kahirupan sapopoé, déiksis, kaasup déiksis lokatif bisa kapanggih dina karya sastra novel. Salah sahiji karya sastra nu ngandung unsur déiksis lokatif nyaéta novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF. Dina éta novel kapanggih réa déiksis lokatif. Contona waé, déiksis *di dinya* dina “*Balaka baé, asa kapegat karesep! Asa kagamahan, ngan henteu baé kedal gegelendeng, rumasa sémah di dinya téh. Ngan ari handeueul mah tétéla. Kituna mah, keur husu-husu ngabandungan, kudu kaselang ku nu rék kaul*” (NKLK, kc.13). Déiksis *di dinya* nuduhkeun gaganti lokatif kana unsur tempat nu nuduhkeun kana *imah Pa Sadikin*.

Panalungtikan nu ngarojong kana ieu panaluntikan nya éta panalungtikan nu dilakukeun ku A. Paola Lancana Aminuddin (2016) ngeunaan *Déiksis dalam Novel Tembang Ilalang* karya MD. Aminudin. Hasil tina ieu panalungtikan nétélakeun aya sababaraha déiksis saperti déiksis persona, temporal, jeung tempat. Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Darsita (2015) ngeunaan *Deiksis dalam Kumpulan Cerpen Al-Kabus Tinjauan Sosiopragmatik*. Dina ieu panalungtikan nétélakeun yén dina déiksis temporal dibagi jadi sababaraha bagian nya éta maju, mundur, durasi, waktu nu sarua, jeung jangka waktu.

Aya sababaraha panalungtikan anu ngulik ngeunaan déiksis dina wangun skripsi nyaéta Ita Puspita (2010) “Analisis Déiksis Sosial dina Novel *Payung Butut* karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP kelas IX”, Lelly Pratiwi (2017) “Déiksis Endoforis dina Wacana Rubrik “Lensatama” Koran Galura pikeun Bahan Pangajaran Maca Warta di SMP”, jeung Elis Siti Nurhayat (2006) “Déiksis Témporal jeung Lokatif dina Novel *Sri Pangung* karya Tjaraka”.

Éta panalungtikan téh ngulik ngeunaan déiksis sosial, déiksis éndoforis, jeung déiksis témporal jeung lokatif. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé sarua ngulik ngeunaan déiksis, hususna déiksis lokatif anu sumber datana novel. Najan sarua ngulik ngeunaan déiksis tapi aya bédana. Ari bédana téh, ieu panalungtikan mah leuwih museur kana déiksis tina jihad wanda déiksis lokatif, sifat antésédén, jeung hubungan déiksis lokatif jeung antésédén dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF.

Panalungtik miboga anggapan yén antara katerangan tempat jeung déiksis lokatif téh masih hésé dibédakeun jeung can aya nu nalungtik déiksis lokatif kalawan khusus anu sumber datana karya sastra. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Hubungan Déiksis Lokatif jeung Antésédén dina Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dipiharep bisa méré pituduh pikeun ngumpulkeun data anu aya patalina jeung pananya anu aya dina rumusan. Rumusan-rumusan masalah anu aya dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wujud déiksis lokatif dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF?
- b. Wanda déiksis lokatif naon waé anu kapaluruh dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF?
- c. Kumaha posisi antésédén nu diacu ku déiksis lokatif dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF?
- d. Kumaha hubungan déiksis lokatif jeung antésédén dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun ngeunaan hubungan déiksis lokatif jeung antésédén pangajaran basa Sunda.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. wujud déiksis lokatif dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF;
- b. wanda déiksis lokatif anu kapaluruh dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF;
- c. posisi antésédén nu diacu ku déiksis lokatif dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF; jeung
- d. hubungan déiksis lokatif jeung antésédén dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun ngajembaran ambahan élmu pragmatik minangka élmu anu ngulik ngeunaan patalina tanda-tanda jeung nu napsirkeunana Morris (dina Sudaryat, 2016, kc. 121). Ngajembaran élmu pragmatik di dieu leuwih museur kana patalina polah basa jeung kontéks tempat lumangsungna, waktu, jeung kaayaan panyaturna, sarta anéka situasi omongan.

### 1.4.2 Manfaat Praktis

Ieu panalungtikan boga tilu manfaat praktis, nyaéta:

- a. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi acuan pikeun guru basa Sunda dina nepikeun pangajaran basa Sunda;
- b. Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan hubungan déiksis lokatif jeung antésédén dina pangajaran basa jeung sastra Sunda;
- c. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang paélmuanana hususna dina widang kabahasaan.

### 1.5 Raraga Tulisan

Sacara gurat badag dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab anu bisa diwincik saperti di handap.

BAB I Bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan anu diwincik jadi manfaat praktis jeung téoritis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Téori medar ngeunaan téori-téori anu aya patalina jeung déiksis, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Téori anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan déiksis lokatif, posisi antésédén, jeung hubungan antara déiksis lokatif jeung antésédén.

BAB III Méthode Panalungtikan medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan medar ngeunaan timuan tina hasil panalungtikan ngeunaan déiksis lokatif, sifat antésédén, jeung hubungan antara déiksis lokatif jeung antésédén.

BAB V Panutup medar ngeunaan kacindekan jeung saran, eusina penafsiran ahir panalungtik dina nganalisis hasil panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina rumusan masalah, sedengkeun saran minangka lanjutan tina hasil panalungtikan.